ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№22 (23.430) ● 2017 гъэм мазаем (февралым) и 7, гъубж ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Юрий хуэзащ «Кавказ Ищхъэрэм и МРСК» ПАО-м и генеральнэ унафэщI Зайцев Юрий

КIуэкIуэ Юрийрэ «Кавказ Ищхъэрэм и МРСК» ПАО-м и генеральнэ унафэщI Зайцев Юрийрэ дыгъуасэ щызэIущIащ КъБР-м и Правительствэм и Унэм.

ЗЭIУЩIЭМ и гугъу щащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым энергетикэм адэкIи зыщегъэужьыным, уэздыгъэу къагъэсэбэпым зэрыкIэлъыплъ, ар къызэралытэ автоматхэр гъэувыным, илъэс блэкIахэм зэтрагъэхьа щIыхуэхэр пшынижьнымрэ иджыпсту ягъэс уэздыгъэм и уасэр тынымрэ. КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ республикэр электрокъарукIэ зэпыу имыIэу къызэрэзэщIынымэ теухуа кьалэнхэр гъэзэщIэным энергетикэм хэлъхьэныгъэшхэр зэрыхуащIыр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

Къэрал субсидиехэр фейдэ нэхъыбэ къату къэгъэсэбэпын

КIуэкIуэ Ю. А. иригъэкIуэкIащ республикэм и Правительствэм и унафэщIхэр зыхэта зэIущIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ республикэм и Правительствэм и унафэщIхэр зыхэта зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ къэралым къарит субсидиехэр фейдэ нэхъыбэ кьыту къэгъэсэбэпыным пыщIа Iуэхуэхэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм хыхьэ щIыналъэхэм субсидиехэр ятегуэшэным теухуауэ ягъэува пIалъэр 2017 гъэм и гъатхэпэм и 1-м зэрикIым къызэкIыж, КъБР-м и Правительствэм хуагъэуведащ абы пыщIа тхыльхэр гъэхъэзырыным епIэщIэкIыну, а дэфтэрым къэралым и министерствэхэмрэ щыхэпльэу Iэ щIадзын папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр федеральнэ программэ зыбжанэм хагъэхьащ. Ахэр гъэзэщIэным федеральнэ бюджетым щыщу сом меларди 4-рэ мелуан 308-рэ къыхуаутIыпщынущ. А ахъшэр тхуэхьын щхьэкIэ Iэмал имыIэу дгъэзэщIэн хуей къалэнхэр зэфIэдгъэкIмэ, жиIащ КъБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий, абы республикэ мылъкум щыщу хэтлъхьэн хуейри щыдгъужмэ, ар сом меларди 5-рэ мелуан 800-м нэсу нэхъыбэ хъуфынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ зыхуэфащэ тхыльхэр щатын хуей пIалъэм кьурибыдэу ар зэфIагъэкIын, апхуэдэуи «федеральнэ бюджетым щыщ ахъшэр къызэрагъэсэбэпыр Iэмал имыIэу наIуэу икIи кIэльпльрыныгъэ ткIийм щIэту щытын зэрыхуейр».

Гупсыгъэ хэха хуащIащ лэжьакIуэхэр къыхэкыныжрэ унафэ щыкIымрэ егъэфIэкIуэным.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий яIущIащ ЛДПР-м и фракцэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм хэтым и лIыкIуэхэм

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щалIущIащ ЛДПР-м и фракцэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм хэтым и лIыкIуэхэу Деньгин В.Е., Дегтярёв М. В., Каргинов С. Г. сымэ.

«ЛДПР-м и лIыкIуэхэр нобэ республикэм и Парламентым хъарзынэу щолажьэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм я сэбэп зыхэлъхэр хъумэным хэзгъэзэ хабзэхэр зэхэлъхьэн лэжьыгъэм жьыджэру хэтIу», - кIыхьигъэщащ КIуэкIуэ Юрий.

КъБР-м и Iэтащхьэм партым и унафэщI Жириновский Владимир фIыщIэ хуищIащ и нэIэ щIыналъэм къызэрытригъэтым, гуапэу къызэрыхущытым папщIэ икIи экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ зегъэужьыным пыщIа кьалэнхэр зэфIэхыным теухуауэ адэкIи зэдзэлажьэну зэригуапэр къыхигъэщащ.

Деньгин Вадим фIыщIэ иущIащ гуапэу кьаззэрыIущIам папщIэ икIи Урысейм и Либерал-демократие партым и унафэщIым и фIэхъусри къырихыжащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

ДяпэкIи зэпыщIауэ екIуэкIынущ, зэдэлэжьэнущ

Тэрч районым и щIыналъэ администрацэм иджыблагъэ щыхьэщIащ Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и лIыкIуэхэр - Кировскэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Кудзиев Геннадий, район администрацэм жылагъэ Iуэхухэмкlэ, щIалэгъуалэ политикэмрэ спортымкIэ и кьудамэм и унафэщI Джыбыл Тарзан сымэ.

РАЙОНИТIЫР илъэс Iэджэ хъуауэ зэныбжьэгъуу икIи сату-экономикэ лэжьыгъэхэмкIэ быдэу зэпыщIащ. Иджыри Осетие Ищхъэрэм и лIыкIуэхэр къызытекIухьар аращ - зэпыщIэныгъэхэр зэтегъэувэжыныр щ, Кировскэ, Тэрч районхэр зэрыздэлажьэнымрэ теухуа зэгурыIуэныгъэщIэ гъэхъэзырыныр щ.

ХьэщIэ лъапIэхэр ирагъэблагъащ Тэрч районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Дадэ МуIаед, районым щIынIэ унафэр зегъэкIуэныкIэ и советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Джатэгъэжь Аслъэн, район администрацэм и Iэтащхьэм социальнэ Iуэхухэмкlэ и къуэдзэ Семэн Пщыкъан сымэ.

Кудзиев Геннадий зэрыжиIамкIэ, районитIыр зэрыздэлажьэнум теухуауэ 2000 гъэм зэхалъхьауэ щыта комплекс планым и пIалъэр зэрикIрэ илъэс 12 хьуащ. Абы лъандэрэ я зэпыщIэныгъэхэр нэхъ тIасхьэ хъуауэ йокIуэкI. Зэгъунэгъухэм я зэдэлэжьэныгъэр къэгъэщIэрэщIэжьынымкIэ жэрдэм къыхалъхьащ Кировскэ районым и лIыкIуэхэм. Ар Тэрч районым и унафэщIхэм даIыгъащ.

Зэгурыlуэныгъэм и проектым зэриткIэ, лъэныкъуитIми я сэбэп хэлъу зэдзэлажьэным хиубыдэ Iэнатlэхэм ящыщщ сату-экономикэ Iуэхухэр, лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэр, егъэджэныгъэр, узынщагъэр хъумэныр, щэнхабзэр, спортыр, туризмэр. Апхуэдэу зэщIыгъуу жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, эксперт советэхэр къызэрагъэпэщыну я мурадщ.

Зэгурыlуэныгъэм гъатхэпэ мазэм Iэ щIадзыну мэгугъэ. ЗэIущIэм и кIэухым Дадэ МуIаед хъэщIэхэм тыгъэ яхуиIащ «Тэрч щIыналъэ» тхылъыр.

Тэрч районым и щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1анIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзам теухуауэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ:



- КъБР-м и Iэтащхьэм Парламентым илъэс къэс Зорызыхуигъазэр республикэм и Iэтащхьэм щыщ зы Iыхьэшхэу. Ялэжьхэр къызэщIэкъуэжьныр, кьалэнхэм дызэрыпэлъэщам и фIагъэр къэпщытэжьныр, ящэ игъэщIапхъэхэр убзыхуныр - ахэр Iуэхушхущ, ауэ Iэмал зимыIэщ.

Зорызыхуигъазэм щигъэбелджыла Iуэхугъуэхэр, кьалэныщIэхэр пыухыкIауэ зэрыщытыр щыхьэт тохъуэ республикэм и экономикэм и Iэнатlэ псоми нэгъуащI лэжьапIэхэми я Iуэхур зытетыр фIыуэ зэрызэпкърахам.

КьызэщIэпкъуэмэ, Зорызыхуигъазэм нэхъыщхэ дыдэр къыхощ - КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий, щIыналъэ Парламентыр, Правительствэр зэлэжь социально-экономикэ Iуэхухэмрэ ар гъэзэщIа хъунымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэщ. Дауи, а псоми мыхьэнэшхуэ яIэщ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ абы и щIыналъэхэмрэ зауэжьынымкIэ.

Зорызыхуигъазэр нэхъ зытегъэщIауэ щытар цIыхумрэ унагъуэмрэ я зыужьыныгъэм егугъуныщ. Юрий Александр и къуэм эзригъэбелджылащи, ар «нэхъ пасэ дыдэу къэунэхуа икIи мыхьэнэ нэхъ и дыдэ зиIэ, щIэныгъэри, узынщагъэр хъумэнри, псэупIэр егъэфIэкIуэнри къызэщIэзыубыдэ зы «министерствэщ».

Зорызыхуигъазэм гупсысэ нэхъыщхьэу хэлъыр сабийхэмрэ сабиигъуэмрэ хуэсакъынь зэрыхуейрщ, абы кьикIыр ди къэкIуэнум дытелажьэу аращ. Абы тепщIыхьмэ, дэфтэрым лъабжьэ хуэхъуар цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ, уебгъэмэ ар зэрыкIэнатlэм и гугъу щищIкIи зыхьибощIэ.

Къэрал псом щызэфIах Iуэхугъуэхэм кьадэкIуэу, республикэм иIэжщ япэ игъэщIапхъэ кьалэнхэр. Мис ахэри наIуэу кьигъэлъэгъуащ, кьалэнхэм я зэфIэхыкIэ хъунур зэпкърихащ.

Мыхьэнэшхуэ иIэу къызолIыгъэ Зорызыхуигъазэм, ди екъуэлIэныгъэхэм я мызакъуэу, гугъуехьэри IупщIу къызэрыщигъэлъэгъуам. Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и унэтlныныгъэ пэрытхэм щытепсэлъыхьым, КIуэкIуэм властым и кьулыкъущIапIэ псоми я унафэщIхэм кьалэн пыухыкIахэр яхуигъэуващ.

КъБР-м и Парламентыр икIэщIыпIэкIэ иужь ихьэнущ Iэтащхьэм Зорызыкъытхуигъазэм кьыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэным

«Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфIэхэ!

Илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну ди газетым Iэ щIэвдзыну фыхунэмысамэ, иджыри Iэмал фиIэщ ар вгъэзэкIуэжыну.

Мазаем и 25 пщIондэ Iэ щIэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфIэрыхьэнущ гъатхэпэм и 1-м къыщыщIэдзауэ.

Мазиплым ди газетым и уасэр сом 443-рэ кIэнIейкIэ 98-рэщ.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр зыныгъуэншэу икIи ефIакIуэу псэунымкIэ Iэмалхэр къахуэзгъэпэщыныр щ псоми ди мурад нэхъыщхьэр икIи фIэкIыпIэ имыIэу япэ идгъэщынур

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъазэр

ПщIэ зыхуэсщI депутатхэ! Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Конституцэм икIи иткIэ фи пащхьэ изолъхьэ республикэм и Парламентым гъэ къэс Зэрызыхуигъазэр.

Зи гугъу сщIынур 2016 гъэм едгъэкIуэкIа лэжьыгъэм кьрикIуэхэрщ, апхуэдэу 2017 гъэм зэфIэдгъэкIмэ, жиIащ КъБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий, абы республикэ мылъкум щыщу хэтлъхьэн хуейри щыдгъужмэ, ар сом меларди 5-рэ мелуан 800-м нэсу нэхъыбэ хъуфынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ зыхуэфащэ тхылъхэр щатын хуей пIалъэм кьурибыдэу ар зэфIагъэкIын, апхуэдэуи «федеральнэ бюджетым щыщ ахъшэр къызэрагъэсэбэпыр Iэмал имыIэу наIуэу икIи кIэльпльрыныгъэ ткIийм щIэту щытын зэрыхуейр».

Гупсыгъэ хэха хуащIащ лэжьакIуэхэр къыхэкыныжрэ унафэ щыкIымрэ егъэфIэкIуэным.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

Экономикэмрэ жылагъуэ-политикэ щытыкIэмрэ

БлэкIа илъэсым кьрикIуахэм сыщытепсэльыхьыкIэ, къыхэзгъэщхьэхукIыну сыхуейщ, ди республикэми, зэрыщыту къэралми я дежкIэ ар тыншу зэрыщымытар. Ауэ, сыт хуэдэ гугъуехьэхэр щымыIами, дэ тхуэзфIэкIащ социально-экономикэ щытыкIэр зэпIэзэрыгъэ къыхэзгъэтедгъэнэн.

Макроэкономикэ бжьыгъэхэр зэпымыуэ егъэфIэкIуэнымкIэ кьалэнхэр кьыдэхьулIащ. Кьапщтэмэ, зэкIэ къызэрабжамкIэ, 2016 гъэм валовэ щIыналъэ продуктыр сом мелард 15-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи сом мелард 243-м нэблагъащ. Мэкъумэш хозяйствэм и продукцэм и уасэр сом мелард 43,8-м, нэгъуэщIу жыпIэмэ, 2015 гъэм илъэс тепуауэ процент 105,7-м нэсащ. Хъуэныгъэм и Iэнатlэм лэжьыгъэу сом мелард 12,5-рэ и уасэ щызэфIагъэкIащ, япэ ита ильэсым елытауэ ар процент 6-кIэ нэхъыбэщ. Ахъшэм и кIэлыпIэ псоми я хьэкъкIэ капитал нэхъыщхьэм инвестицэу сом мелард 36,3-рэ, е процент 109,1-рэ халъхьащ. Хъуэныгъэ ину 34-рэ хьэзыр ящIащ. Абы хэм Зэрэгъыж гидроэлектростанцыр, Налшык кьалэм и иджырей перинатальнэ центрыр, Жэмтхьэлэ Ипщэ кьуажэм еджакIуэ 320-рэ зыщIэхъу и школыр, Нарткъалэ, Тэрч кьалэхэм узынщагъэр щрагъэфIакIуэ я физкультурэ комплексэр яхэту. Къэбэрдей уэрамыр къэгъэзэщIэжьынымкIэ лэжьыгъэхэм я япэ лъэхъэнэр, КъБКъУ-м и медицинэ колледжым и унэр зэгъэпэщщыжьынымкIэ зэфIагъэкIащ, Олимп щIыхьым и аллее Налшык къыщызэIуахащ. Псори зэхэту метр зэбгъуэнатlэ мин 68,6-рэ хъу унэ зэтет 22-рэ щIын яхущ. Унагъуэхэм езыхэм я мылъкукIэ яхуахэри хэту къащIтэмэ, псэупIэ унэу метр зэбгъуэнатlэ мин 412,4-рэ ятащ, ар 2015 гъэм ельытауэ процент 10-кIэ нэхъыбэщ.

Иужьрей илъэсищым псэупIэхэр хуэуным, энергетикэм, газрэ псыкIэ къызэгъэпэщыным, транспорт Iуэхутхьэбзэхэр дэгъэкIынымкIэ хиубыдэу проект 50 хуэдиз гъэззэщIа хъуащ. Иджырей Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэща медицинэ Iуэхущlапlэу 58-рэ, узынщагъэр щрагъэфIакIуэ физкультурэ комплексрэ сport Iуэхущlапlэу 25-рэ, курыт еджапIэу, сабий сау 12 къызэIуахащ.

Кьалэн куэд зэфIэзыгъэкI центрыщIэу 4 хьэзыр тщIыри, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр яхузэфIэзыгъэкI апхуэдэ центрхэр муниципальнэ район, кьалэ округ псоми къыщызэIухьанымкIэ кьыптэщыта кьалэнхэр зэфIэдгъэкIащ. Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм и накьыгъэ мазэм кьыдигъакIа Указым ипкъ иткIэ, къэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я нэхъыбапIэр зы щIыпIэм щызэфIагъэкIынымкIэ Iэмалхэр цIыхухэм я процент 90-м кьаухуэдгъэпэщын хуеямэ, а центрхэм я фIыщIэкIэ Iуэхутхьэбзэ псори проценти 100-м яхудгъэкIынымкIэ Iэмалхэр зэтеуващ.

Дэ едгъэкIуэкI бюджет политикэр зэтедухуащ къэралым и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зорызыхуигъазэм щыубзыхуэу унэтlныныгъэ нэхъыщхьэхэм ятещIыхьауэ. Макроэкономикэ, финанс зэпIэзэрытыныгъэ щыIэнымкIэ щэсыпIэр бюджетыр зэман кIыхьым тещIыхьауэ зэхуэгъэкIуэнырщ икIи дэ а унэтlныныгъэм тету долажьэ. 2016 гъэм ди бюджет политикэм и унэтlныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу щытащ кьалэн нэхъ инхэр, псом япэу социальнэ кьалэнхэр, апхуэдэу Урысей Федерацэм и Президентым и накьыгъэ (2012 гъэм) укъэхъэм кьаГъэуэ кьалэнхэр гъэззэщIэным мылъкур хуэзащIэгъэуэгъуэныр. Абы папщIэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ сэбэпынагъ нэс къызэпэмыкIу Iуэхухэм, псом япэу управлениэм и Iэнатlэм, трагъэкIуадэ ахъшэр гъэмащIэным хуэгъэзауэ. Налогхэмкlэ льготэхэргъэмэщIэным, къэрал кьулыкъущIэхэм я бюджетымрэ абыхэм я улахуэзэмрэ кIэрыгъэхуным, бюджет Iэнатlэм хиубыдэхэм ящыщу унафэщIхэмрэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр зыгъэзащIэ гупхэмрэ я лэжьапIэщIэ фондыр зэрытрагуашэ щыкIэр зэхъуэжкIынымкIэ хуэгъэзауэ а илъэсхэм кьриубыдэу ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм я фIыщIэкIэ зэфIэгъэкIа хуауэ «Сэбэпынагъышхуэ кьэзымыхь хэщIхэр зэрагъэмащIэм и хьэкъкIэ 2015 - 2017 гъэхэм кьагъэсэбэп ахъшэр гъэ къэс процент 5-кIэ нэхъ мащIэ щыным» хуэгъэзауэ Урысей Федерацэм и Президентым кьигъэувэ кьалэнхэр.

Къэрал финансхэм я щытыкIэр зэтегъэувэжьынымкIэ лэжьыгъэхэм я планыр гъэззэщIа хъуащ. Экономикэр гугъуехьхэм щыхэт зэманым дэ тхуэзфIэкIащ налогыр, налогхэм ящымыщ хэхуауэ КъБР-м и республикэ бюджетым кьыIэрыхьэр иIэсищIкIэ зэкIэлъыкIуэ нэхъыбэ тщIыпэ едгъэкIуэкIын икIи абы папщIэ налогхэм ящыщу кьыхахьэрыр ику иту Урысейм къыщыхэкIым нагъэсащ. Кьапщтэмэ, 2016 гъэм республикэм езым кьызэрирегъэпэщыж хэхуэу япэ ита илъэсым елытауэ проценти 111,2-м нэсащ. Абы къыдэкIуэу республикэ бюджетым 2016 гъэм акциз хэхъуэу сом меларди 5,9-рэ кьыIэрыхьэну кьабжауэ щытащ. Ауэ фадэхэкIхэр зыщI Iэнатlэм щыIэ ныкъуэсаныгъэхэмрэ хабзэншагъэхэмрэ гъэкIуэдныим хуэгъэзауэ къэралым Iуэху пыухыкIахэр зэрыщагъэкIуэкIым икIи иткIэ, республикэм и щыналъэм щыIэ апхуэдэ Iуэхущlапlэхэр 2016 гъэм и мазаем щегъэжьауэ къагъэувыIащ. Абы кьыхэкIыу республикэм езым кьызэригъэпэщыж хэхъуэхэм сом меларди 3,3-рэ кьыIэрымыхьэу къэнащ. **ИтIани дэ тхуэзфIэкIащ бюджет Iэнатlэр зэпIэзэрыту къызэтедгъэнэн, нэхъыщхьэр арщи, цIыхухэм я пащхьэ къыщыстщта социальнэ кьалэн псори дгъэззэщIэн**.

Илъэс куэд лъандэрэ къэмыхъуауэ, гъэблэкIам мазэ кьэс и зэманым икIи иркъуу лэжьапщIэхэр щратащ республикэ бюджетым и хьэкъкIэ лажьэ Iуэхущlапlэхэм Iутхэм, апхуэдэу социальнэ Iуэху псори и зэманым ягъэззэщIащ.

Урысейм Финансхэмкlэ и министерствэм кьыбж рейтингым ипкъ иткIэ, республикэр иджы япэ дыдэу хэхуащ щыналъэ финансхэр фIагъ льагъ иIэу щызэрагъакIуэ щыналъэхэм я япэ гупым икIи абы папщIэ федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу сом мелард ныкъуэм нэблагъэ хъу грант тыгъэ кьыхуащIащ. Апхуэдэу дызэрыт илъэсым федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу дотацэу сом меларди 9,5-рэ, нэгъабэ ельытауэ сом мелард 1,5-кIэ нэхъыбэ, кьытхуаутIыпщ.

Абы кьыдэкIуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ республикэм кьигъэсэбэп ахъшэм щыщу дотацэхэм яхуэзэр зэпымыууэ нэхъ мащIэ зэрыхьур. 2016 гъэм кьрикIуахэм кьызэрагъэлъэгъуамкIэ, дотацэхэр процент 44,1-рэ хъуауэ щытауэ аращ, 2013 гъэм апхуэдэ ахъшэр процент 54,5-м нэблагъэрт.

БлэкIа илъэсым жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрытыныгъэрэ щынагъэуэншагъэрэ щIыналъэм щыIащ. Республикэм ущыпсэуну нэхъ тынш мэхъу, абы кьыхэкIыу инвесторхэмрэ хьэщIэхэмри нэхъ кьыткIэлъыкIуэ хъуащ.

Гъэ кIуам мыхьэнэшхуэ зиIэ жылагъуэ-политикэ, щэнхабзэ Iуэхуэхэр екIуэкIащ. Дэ Iэтауэ дгъэлъэпIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэс 95-рэ зэрырикъур. ХэхакIуэхэр жыджэру хэтащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм я депутатхэр хэхыным. **Республикэм щыщу цIыху мин 60-м щIигъу «Полк уахътышэ» урысейпсо Iуэхум хэтащ икIи абы наIуэу кьигъэлъэгъуащ ТекIуэныгъэр кьытхуэзыхьахэм я фэепльыр дыхуэсакъыу зэрытхъумэр.**

Апхуэдэ Iуэхуэхэр щыхьэт техъуащ ди цIыхубэм зэкъуэтыныгъэ быдэ зэрахъльым. Аращ властым и орган псоми лэжьыгъэ тэмэм ирагъэкIуэкIынымкIэ лъабжьэр.

Унагъуэхэм ядэIэпыкъуныр, демографиер егъэфIэкIуэныр

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Владимир и къуэм Федеральнэ Зэхуэсым Зорызыхуигъазэм кьыщыхигъэщхьэхукIащ ди политикэм и купщIэр **цIыхухэм яхуэсакъынырэ, къэралым а и фIыгъуэ нэхъыщхьэм зегъэужьыныр арауэ зэрыщытыр**.

Хэкум и Iэтащхьэм а и псалъэхэм тету дызыхуэкIуэ илъэсхэм дэ ди къарур хуэунэтIауэ щытыпхъэщ **унагъуэхэм ядэIэпыкъуным**, демографиер, цIыхухэм я узынщагъэр егъэфIэкIуэныр, егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным. Ахэрщ дэ япэ идгъэщынур.

Республикэм унагъуэм, анэм, сабийхэм ядэIэпыкъуныкIэ щалэжьхэр машIэкъым. Сабийуэ кьалъхуэхэр нэхъыбэ хъун папщIэ кьызэрагъэпэща системэр ирагъэфIакIуэ. Сабий зиIэ унагъуэхэм бюджетым и Iэнатlэ псоми кьыхэкIыу 2016 гъэм иратащ сом мелард 1,2-м щIигъу. А псори сэбэп мэхъу унагъуэхэм яIэну сабийхэм я бжьыгъэр нэхъыбэ щIынымкIэ. БлэкIа илъэсым республикэм кьыщалъхуахэм я бжьыгъэр процент 14,2-м нэсащ, ику иту Урысейм ельытауэ ар проценти 9,2-кIэ нэхъыбэщ. Быдэ куэд зиIэ унагъуэхэми кьахэхъуэ зэпытщ. Иужьрей илъэсым и закъуэ ахэр унагъуэ миным нэблагъэкIэ нэхъыбэ хъуащ.

Гупсыгъэ хэха хуащI анэмрэ сабиймрэ. Сабий цIынэхэм ящыщу лIэжьхэр нэхъ машIэ мэхъу. 2016 гъэм сабий цIынэу проценти 6,6-рэ лIэжащ, ар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым ику иту кьыщыбжам нэхърэ нэхъ машIэщ. Илъэс Iджэ льандэрэ кьэмыхъуауэ, илъэс кIуар республикэм кьиухащ лъхуэгъэм илIыкI кьыхэмыкIыу.

ЦIыхубэ уэндгъэгъуэм ядэIэпыкъуныкIэ Iэнатlэр иофIакIуэ. ИщхьэкIэ зэрыщыжьыСащи, 2017 гъэм бгъэдэлъэ зэфIэкI псомкIи лажьэу щIидзэнущ иджырей перинатальнэ центрым. Абы папщIэ иджы Iэщlагъэлlэхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэн, лэжьыгъэр кьыззэрызэрагъэпэщыр ирагъэфIакIуэн хуейщ. Псори дызэрыщыгъуаззэщи, унагъуэр жылагъуэм и лъабжьэщ, апхуэдэу, зэрыжалащи, узынщагъэр хъумэнри, егъэджэныгъэри, социальнэ Iуэхухэр зэщIыгъуу нэхъыфI быдзу езыхьэкI зэрыкIуэрэр **«министерствэщ». Абы кьыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властым и орган псоми, граждан жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм я плъапIэ нэхъыщхьэу унагъуэр щытпхъэщ**.

АдэкIи егъэфIэкIуэн хуейщ кьыхэкIухъэр нэхъыбэ щIынымкIэ, бын куэд зиIэ е зрашэлIэжауэ зыпIэж унагъуэхэм, апхуэдэу щытыкIэ гугъу ихуа унагъуэхэм ядэIэпыкъунымкIэ къагъэсэбэп Iэмалхэр.

(КIэлъыкIуэр 2-нэ нап.)

Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр шынагъэнэшэу икIи ефIакIуэу псэупIымкIэ Iэмалхэр къахузэгъэпэщыныр щ псоми ди мурад нэхъыщхьэр икIи фIэкIыпIэ имыIэу япэ идгъэщынур

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Узыншагъэр хъумэныр

Иджыпсту ди республикэр хабжэ Урысей Федерацэм и субъектхэм ящыщу **узыншагъэр хъумэным** нэхъыбэ тезыгъэкIуадэхэм, ар ди хэщIэхэм я процент 21-м щегъу, ику иту Урысейм къыщагъэсэбэп процент 14-м елъытауэ. Абы кьегъэльагъуэ мы Iэнатlэр дэ псоми япэ зэридгъэщыр. Технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ дэIепыкъуныгъэу цIыхухэм иратыр, абыхэм медицинэ центрхэм зэфIагъэкIэхэр яхэту, зэпымыуэу нэхъыбэ мэхъу. Ягъэ дыдэу апхуэдэ дэIепыкъуныгъэ 2014 гъэм ди республикэм щагъуэтащ цIыху 500-м. БлэкIа илъэсым апхуэдэ дэIепыкъуныгъэ зыгъуэтахэр цIыху 1465-м нэсащ. «ДэIепыкъуныгъэ псынщIэм» и Iэнатlэм къыщагъэсэбэп автотранспортым щыщ куэд кьагъэщIэрэщIэжащ. А псоми сэбэп хъуащ лIэхэр нэхъ мащIэ хъунымкIэ.

Ику ину ди республикэм исхэр 2013 гъэм илъэс 73-кIэ псаууэ щытамэ, а бжыгъэр 2016 гъэм илъэс 75,3-м нэсащ. Къалъхуэм я хьэкъкIэ республикэм исхэм я бжыгъэр зэпымыуэу нэхъыбэ мэхъу.

Апхуэдэу щыт пэтми, узыншагъэр хъумэныкIэ Iэнатlэм иджыри щыIэ гугъуехьэкIэ куэд мэхъу. Псом хуэмыдэу а гугъуехьэкIэ щынэхъыбэщ Iэнатlэм и пэублэ Iэхъущlапlэхэм. **Урысейм и Президент Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам ауэ сытми кьыщигъэувакъым а Iэнатlэм зегъэужьыным гулъытэ нэхъыбэ хуэщIын хуейуэ.** ЖьыIэпхъэщ, узыншагъэр хъумэныкIэ Iэнатlэм и пэщIэдзэ Iэхъущlапlэхэм мылькукIэ, техникэкIэ яIэ зэфIэкIэкIэр гъэбыдэныкIэ ди республикэм куэд зэрыщагъэлэжьар. Фельдшер-акушер пункту, дохутыр амбулаторэу пщIы бжыгъэхэр щIэуэ яухуащ, поликлиникэ Iэхъущlапlэхэр зэкIэлъыкIуэу иджырей IэмэпсымэхэмкIэ кьыззэрагъэпэщ.

А лэжьыгъэ псоми 2017 гъэм пытщэну къытпэщтщ. Къуажэ щIыналъэхэм зэпIэзэрыту зегъэужьыныкIэ федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу фельдшер-акушер пунктхэр дащIыхьынущ Курп Ищхъэрэ, Былым, Шордакъ къуажэхэм.

Абыхэм кьадэкIуэу район, республикэ медицинэ Iэхъущlапlэхэми кьахэхъуэнущ. Кьапщтэмэ, дызэрыт илъэсым кьызэIухаурэ хуейщ. Прокладрэ кьалэ округым и район сымаджэщ нэхъыщхьэм хирургиемкIэ и кьудамэм и унэу гъэулъыпIи 180-рэ зыщIэхуэнур, Бахъсэн кьалэм и нефрологие центрыр, республикэ дохутыр-физкультурэ диспансеры, апхуэдэу психоневрологие диспансерым и унэр капитальнэу зэгъэпэщыжыныр зэфIагъэкIынущ.

АдэкIи пащэн хуейщ медицинэ Iэхъущlапlэхэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ кьызэгъэпэщыным, цIыху псоми я узыншагъэр кьэпщытэным хуэгъэза диспансеризацэм, цIыхухэр хущхъуэхэмкIэ кьызэгъэпэщыным, ахэр узыншагъэр хъумэным хуэущиным. Iэмал псори кьэгъэсэбэпыпхъащ телемедицинэм зегъэужьынымкIэ.

Поликлиникэхэм цIыхухэр щызэрагъэмыкьэн папщIэ нэхъ тегушхуэу хъыбарегъащIэ технологиехэр кьэгъэсэбэпын, сымаджэхэр зэратх щIыкIэр егъэфIэкIуэн, дохутырхэм документ зэмылIэужьыгъуэхэр тхынымкIэ лэжьыгъэр ящхьащхьын, участковэ дохутырхэм я Iэнатlэхэм щылэжьын папщIэ зи Iэщlагъэм хуэлэжьыгъэкIуэ дохутырхэу узыфэр тэмэму зэхэзыгъэкIыфынухэр икIи сымаджэм хуэщхьэпэн чэнджэщхэр езытыфынухэр кьыхэхьн хуейщ. Ди жагъуэ зэрыхьэщи, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьыхэкIыу иджыпстукIэ узыншагъэр хъумэным и Iэнатlэхэм ящыщу ар нэхъ кьыкIэроу. Аращи, участковэ дохутырым - сымаджэм япэу щепIлъам щегъэжьауэ ар хъужьпэху кIэлъыпIлъыну зи кьалэныр - чэнджэщ тэмэм зримыта сымаджэм дохутыр куэд кьызэхикIуныкъым хуей мэхъу кьеузыр зэхагъэкIын папщIэ. А псоми хозэрыхьри, сымаджэр езым зэрыхуэзфIэкIкIэ зыщигъэхъужьын щIыпIэм макIуэ. Апхуэдэ щытыкIэм щIыпIэ щыIэ дохутырым и Iэщlагъэр егъэпуд, зи кьалэным хьэлэлу бгъэдэтхэми я пщIэм кIэрегъэху. ЦIыхухэм я узыншагъэр хъумэныкIэ системэм участкэм щылажьэ дохутырым щыIыгъуэ щыта увыпIэ пэрытыр зэтегъэуэвжьпхъащ.

Правительствэм и кьалэнщ узыншагъэр хъумэныкIэ Iэнатlэм, медицинэ Iэхъущхьэзэхэр цIыхухэм зэрыратым куууэ щыгъуэзэ зиущыну, ахэр егъэфIэкIуэныкIэ зыхуэфащэ Iэхъущхэр зэфIегъэкIыну. ЦIыхухэм зыхуеину медицинэ дэIепыкъуныгъэхэр, абыхэм пIэщIэгъэкIэ кьызэрагъэпэщ дэIепыкъуныгъэхэри яхэту, и зэманым ягъэутын хуейщ.

Узыншагъэр хъумэныкIэ Iэнатlэм и ефIэкIныгъэхэм ящыщу увын хуейщ медицинэ Iэхъущхьэзэхэр цIыху псоми зэхуэдэу, и зэманым кьриубыдэу икIи фIагъ лъагэ яIэу кьызэрагъэсэбэпыр.

Егъэджэныгъэр

Щэч хэмыIуэ, япэ идгъэщ Iэхъу нэхъыщхьэхэм ящыщу **егъэджэныгъэр**. Сабийхэм щIэныгъэ егъэгъуэтынкIэ иджырей Iэмалхэр зэтегъуэвэным хуэунэтIа лъэбакъуэ пыухыкIахэр ячащ. Республикэр егъэджэныгъэмкIэ Iэхъущlапlэхэм зегъэужьгъуным хуэунэтIа федеральнэ программхэм хэлажьхьэхэр, егъэджэныгъэмкIэ Iэнатlэм и мылькуу-техникэ лъабжьэр кьэгъэщIэрэщIэжьыным елэжьынущ. Сабий псори зы сменэу еджэныкIэ Iэмал яIэн папщIэ 2025 гъэм нэхъыу сабий мини 10 зыщIэхуэн Iэхъущlапlэхэр кьызэIутхынущ. Абы хиубыдэу сабий мини 3,2-рэ зыщIэхуэн Iэхъущlапlэхэр кьуажэхэм я кьыщIэзэгъэнэжьыну я мурадщ. Правительствэм зыхуеину псори илэжьыпхъэщ республикэр а федеральнэ программэм тэмэму хэтынырщ зэрызэгъэпэщын папщIэ.

Дэ тхузэфIэкIащ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэм ящыщу зи ныбжьыр илъэси 3-м щегъэжьауэ илъэси 7-м нэс итхэр сабий садэхэмкIэ ирикъуу кьызэдгъэпэщын. Иджы кьыгIпэщытыр илъэс 1,5 - 3-м итхэр апхуэдэ IэхъущlапlэхэмкIэ ирикъуу кьызэгъэпэщынырщ. Абы папщIэ мы гъэм кьызэIухаурэ сабий 500 зэкIуэлIэн апхуэдэ IэхъущlапlэщIэхэр.

ЕгъэджэныгъэмкIэ Iэнатlэм кьыпэщыт Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщу егъэджэныгъэм и фIагъыр кьэзытыныр. Иджыпсту школым и кьалэныр сабийм щIэныгъэ егъэгъуэтынырщ и закъуэкъым, атIэ ар икIи гъэсэныгъэрщ.

ЕгъэджэныгъэмкIэ политикэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм кьагъэув сабийхэм щIэныгъэ гъэдзэн гъагъэгъуэт системэр кьэгъэщIэрэщIэжын хуейуэ. А мурадырщ зы илъэсым щIигъу апэкIэ кьыщIэзыIуахынын. Абыхэм ящыщу кьыхэбгъэкIыжынущ ЗИЗ секцэхэм зэрыщыту республикэм зыщагъэужьынымкIэ лъабжьэу увынущ. Абыхэм щагъасэ сабийхэм щIэуэ кьагупсысхэм щIэупщIэ зэраIэнур кьагурыIуэн папщIэ мы лэжьыгъэм кьыхьыхэн хуейщ ди вузхэр, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академиемк и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрыр, щIэныгъэ-кьэухтакIуэ институтхэр, бизнесыр. Дэ нэхъ жыджэру защIадгъэхьауэ зэрыщытыр, республикэм и школ, вуз нэхъыбIхэм кьыщIэзрагъэпэщ сабий центрхэм. Мыбдеж, Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам кьызэрыщыхигъэщауэ, «егъэджэныгъэмкIэ системэр зытещIыхьэ лъабжьэ нэхъыщхьэр дэтхэнэ сабийри, ныбжьыщIэри зэчиифIэуэ зэрыщытырщ, абы щIэныгъэмк, спортмк, гъэщIэмк, творчествэмк, гъэщIэмк кьэухуIныгъэшхуэхэр кьызэрыщыхьыфынущ. Абы и зэфIэкIым зегъэужьыныр дэ псоми ди кьалэнщ, аращ Урысейм екъуIэныгъэ кьыхуэзыхьыныр».

А псалъэхэм дэ кьытхуагъэув ди сабийхэм я акъылым, творчествэм, узыншагъэм зауэным папщIэ зэманым кьезэгъ Iэмалхэр зэтедгъэувэну. **Нэхъыщхьэ дыдэр арщи, ди мурадхэмрэ плъапIэхэмрэ зыхуэунэтIыпхъэр Iуэху нэхъыщхьэщ, апхуэдэу щыщыткIэ - Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэныр телэжьынырщ.**

БлэкIа илъэсым пэпчъ щIэныгъэ хабзэхэмрэ хъумэным, абыхэм зегъэужьыным, пIэпкъхэм я тхыдэщIэхабзэ хьугъуэфIегъуэхэр кьэIэтыжным зэрыщыгъуэ екIуэкIащ. Иджы япэу республикэм и официальнэ лIыкIуэхэр щыIащ Черкасскэ пIэпкъым кьыхэхьа дзэпщ, кьэрал, политикэ лжьакIуэ цIэрыIуэхэр щыщlалъхьа Новосласскэ кьулъыплъыфырэ Темрыкъуэ ипхъу Марие пащтыхь гуащэр щыщlалъхьа, Кремлым дэт Архангельскэ члисэмрэ. Делегацэм хэтхэр Урысейм и Мусульманэхэм я дин Iуэхущlапlэмрэ Урысейм и Православнэ члисэмрэ я унафэщI нэхъыщхьэхэм яIущlащ. Апхуэдэу мэжджьхтхэмрэ члисэхэмрэ зэгъэпэщыжьынымрэ пыщIа лэжьыгъэхэм пащэ. А псоми наIуэу кьагъэлъагъуэ илъэс Iэджэ хъуауэ пIэпкъхэм кьадекIуэкI динхэм итхэм пщIэ зэрыхуащIыр икIи ахэр сэбэп мэхъу дин зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэнымкIэ. МыкIэнэ ин зиIэ Iуэхуэ ирикIуэ пIэпкъ куэд щыпсэу Къэбэрдей-Балъкъэрым пщIэшхуэ зэриIэм и дамыгъэу уващ Москва, зэрыщыту Урысейм я Патриарх Кирилл япэу Казанэ Ищхъэрэ щIыналъэм кьызэрихьар икIи ар дин Iуэхуэ кIэ ди республикэм зэрыщыIар.

Диным кьаруущхуэ бгъэдэлъщ икIи цIыхубзм я зэхэщIкIыр кьэIэтыныжьэ, кьызыхэкIа лъэпкъым я фIэщхъуныгъэм, политикэ гупсысэкIэм емыльытауэ, цIыхухэр зэгурыIуэныгъэмэ зэдэлэжьэныжьмкIэ сэбэп мэхъу.

ЗыужьыныгъэмкIэ стратегием и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр

Кьэралым и Президент Путин В. В. Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам кьыщигъэуващ **экономикэм зэпIэзэрыту зегъэужьыныжьмкIэ** кьалэныр. Дэ кьытпэщытщ экономикэм езыгъэфIэкIуэну IэмалыщIэхэр дубзыхуну, абы и продукцэм щIэупщIэ иIэн папщIэ иджырей технологиер лъабжьэ хузэтщIыну.

Апхуэдэ зэманым куууэ егупсысауэ зэтегъэувэн хуейщ сэбэпыныгъэ къиубыдэу ди экономикэм и Iыхьэ щащэм ильэсипщI зыбжанэкIэ фадэ кьыщIэгъэкIынымрэ ар щэнымрэ тещIыхьауэ зэрекIуэкIар щIэдзбзыщIын щыIэкъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, биджетым и хэхъуэм и Iыхьэ щанэр кьызэзыгъэпэщыр фадэрт. Къапщтэмэ, республикэ биджетым и процент 47-р нэгъабэ акцизхэм я хьэкIэ кьызэрагъэпэщыну я мурадащ. Ауэ, наIуэ кьызэрыхъуамкIэ, иджыпстукIэ а Iэнатlэр зэпIэзэрыту щыткъым икIи хабзэншагъэ нэхъыбэ дыдэ щалэжьхэм ящыщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, экономикэм и зэхэлъыкIэр зэхъуэкIыным, фейдэхуэу кьэзытыфыну Iэнатlэр куэдым зегъэужьыным дэ щIэгъэхуэбжьауэ демылажьу хъунукъым. Республикэм зегъэужьыныжьмкIэ стратегием и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр кьэлъытауэ, щыIэ хэкIыпIэхэр щIэгъэкъуэн кьэщIауэ нэрылъагъуэу егъэфIэкIуэн хуейщ экономикэм и Iэнатlэм нэхъыщхьэхэр зэрызэрахьр.

Промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ

Ди промышленнэ политикэр хуэунэтIын хуейщ щIэупщIэ зиIэ продукцэр кьыщIэгъэкIынымр, нэгъуэщI кьэралхэм ирагъашэ продукцэм хэгъэхьэныр кьызэзыгъэпэщ, щIэныгъэм и кьэухтэныгъэхэр, инновацэр, технологие лъагэхэр зи щIэгъэкъуэн Iэнатlэхэр кьызэгъэпэщыным.

Иджыпсту ди промышленнэ предприятэу блы хэтщ нэгъуэщI кьэралхэм кьыщащхъухэм япэхъуэ продукцэ гъэхъэзырыныжьмкIэ Урысейм Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм зэхилъхьа планыр гъэзэщIэным. Апхуэдэ продукцэу лIэужьыгъуэ 9 ди деж щагъэхьэзыр. Зи гугъу тщIы Iуэхум хуэунэтIа инвестицэ проекту иджыри 15 ягъэхьэзыр. Ди предприятэхэм кьэрал округым и «Севкаврентген-Д» ООО-мрэ «Кавказкабель» кабель завод» акционер зэгуэхьэныгъэмрэ Урысейм гъэльэныгъэм щытекIуауэ икIи инвестицэ проектхэр гъэзэщIэным хиубыдэу технологиехэр зэхэлъхьэным трагъэкIуэдэн папщIэ субсидиехэр кьыIахыну хуитыныгъэ ягъуэтащ. А унэтIныгъэхэм зегъэубгъуным хуэгъэзауэ Правительствэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэр щIигъэхуэбжьэну кьыпэщытщ. Дэ ди кьалэнщ федеральнэ Iэнатlэм кьызэрагъэпэщ Iэмалыщlэхэр кьагъэсэбэпыныжьмкIэ предприятэхэм дадэIэпэныжьну. Апхуэдэ Iэмалхэм ящыщ зыщ нэгъуэщI кьэралхэм щащэну продукцэ кьыщIэзэгъэкIхэм здэIэпыкъуныгъэхэм папщIэ Урысей Федерацэм и Правительствэм куэд мыщIауэ кьызэригъэпэща экспорт центрыр. Мыхьэнэшхуэ иIэщ зыужьыныгъэмкIэ IуэхущlапlэщIэхэм кьызэрагъэпэщ дзэпIэкъуныгъэхэм предприятэхэр, бизнесым и Iуэхущlапlэ инхэмрэ курытхэмрэ щыгъуазэ щIыным.

Дызыхьыха илъэсым ди зэфIэкIхэр хуэзэщIэдгъэIуэн хуейщ Тырныауз вольфрам-молибден кьыщIэхьпIэр егъэжьэжьным, «Гидрометаллург» акционер зэгуэхьэныгъэ зэIухам инноваци технологиехэр кьыщыгъэсэбэпыным икIи вольфрам-молибден ангидрид кьыщIэгъэкIыныжьмкIэ экологием зэран хуэмыхьу лэжьэкIэщIэ зэтегъэувэным. Даим, абыхэм кьадзыIуэну, кьалэн нэхъыщхьэ дыдэщ «Этана» промышленнэ комплекс зэтегъэувэныжьмкIэ проектыр зэкIэлъыкIуэу гъэзэщIэныр.

Ди экономикэм зегъэужьыныжьмкIэ кьыкIэлъыкIуэ унэтIныгъэ нэхъыщхьэр **агропромышленнэ комплексыщ**. Иужьрей илъэсхэм мы Iэнатlэм лэжьыгъэшхуэ щызэIуахыгъэкIащ инвестицэхэр кьызэщIэгъэуIуэныным икIи проект инхэр гъэзэщIэным хуэгъэзауэ. Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным нэгъабэ и закъуэ льготэ зиIэ кредит ахъшэу сом меларди 5,2-рэ кьыщалъагъэсэбэпащ икIи а Iэнатlэм пэрытхэм дзэпIэкъуныгъэ хуэралым сом меларди 6 ящыратащ.

Зэи кьэмыхъуауэ, 2016 гъэм республикэм гъавэшхуэ кьехуэлIащ - гъавэхэкI зэмылIэужьыгъуэгъу тонн 1 мелуанрэ мини 150-рэ, абы щыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым зэи щамылъэгъуам хуэдиз нарт хуейуэ - тонн мин 920-м нэблагъэ кърахьэлIэжащ.

Апхуэдэу нэрылъагъуу нэхъыбэ хъуащ хадзэкIхэм, пхъащхьэмщхьэхэм, мэракIуэхэм я бэварыр. 2014 гъэм щегъэжьауэ 2016 гъэм нэсыху пасэу кьызыпыкIэ жыг хадзэу гектар 4400-рэ, адрей илъэс псоми хасауэ щытам нэхъ-рэ хуэдэ зырэ ныкъуэкIэ нэхъыбэ, щыхьасащ. Пасэу кьызыпыкIэ жыг хадзэу 2016 гъэм и закъуэ хасар гектар 1600-рэ мэхъу. Иджыпсту апхуэдэ жыг хадзэу гектар мини 7-м щигъу диIэщ. Республикэм псори зэхэту тонн мини 142,7-рэ зыщIэхуэ иджырей **пхъэщхьэмыщхьэ, хадзэкI хъуманIэу** 16 щолажьэ.

Консерв зыщI Iэнатlэм хиубыдэ предприятэхэм пхъэщхьэмыщхьэ, хадзэкI консерву банкI меларди пIанэм щигъу кьыщIагъэкIащ. Урысей Федерацэм и адрей щIыналъэхэм абы щыщу условнэ банкI мин 200-м щигъу ирагъашащ. Ари республикэм иджы япэу кьыхьа ехьупIэныгъащ.

АдэкIи зэпIэзэрыту хагъахьуэ гъэшрэ лыуэ кьалэжьым. Мэкъумэш продукцэм щыщ Iыхьэшхуэр кьыщалэжь уней лъапсэхэмрэ мэкъумэшыщIэфермер хозяйствэхэмрэ. Иджы кооперацэм зиужьныжьмкIэ Iэмалхэр зэтегъэувэн, продукцэр кьэщхуэныжьмкIэ, хъумэныжьмкIэ, абы елэжьныжьмрэ щэнныжьмкIэ иджырей системэ кьызэгъэпэщын, «мэкъумэшыщIэ - агрологистикэ центр - сату Iуэхущlапlэ» зэпыщIэныгъэр убзыхун, захуагъэ зыхэлъ уасэкIэ продукцэр щэныжьмкIэ ар къэзылэжьхэм ядэIэпыкъун хуейщ.

Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьныжьмкIэ дызыдынэса зэфIэкIым кIэрымыхун папщIэ иджырей технологиемрэ щIэныгъэм и кьэухтэныгъэхэрэ кьэдгъэсэбэпын, зыхуэфащэ IэщlагъэпIэкъэ гъэхъэзырын хуейщ. Абы папщIэ ди аграрнэ университетым папщIэ кьэралъ заказ кьыдэхьапхъэщ. ЕгъэджэныгъэмкIэ абы игъэзащIэ программэхэмрэ иригъэкIуэкI щIэныгъэ кьэхуэтэныгъэхэмрэ нэсу егъэзэгъыпхъащ агропромышленнэ комплексыр зыхуэныжьуэхэр. Абы и лэжьыкъуэкIэ хэкIыпIэшхуэу увынущ иджыпсту кьызэрагъэпэщ агропромышленнэ бизнес-инкубаторыр. Агротехнопаркым дыщогугъэ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ мэкъумэшышIэхэм я щIэблэщIэ зэтригъэувэну. Абы папщIэ мы Iуэхущlапlэм зыхуеину Iэмал псори кьыщыхэзрагъэпэщ. Абы хиубыдэу зэтрагъэувэ иджырей IэмэпсымэхэмкIэ кьызэгъэпэща Iэнатlэ цIыкIухэр, лабораторэхэр, еджапIэ пэшхэр, апхуэдэу гъэльэныгъэлIэ павильонхэр, теплицэхэр, фермэхэр. Правительствэм и кьалэнщ республикэм и аграрнэ Iэнатlэм зегъэужьыныжьмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а комплексыр сэбэп пылъу кьэгъэсэбэпыныр кьызэригъэпэщыжьмкIэ.

Транспортыр, гъуэгу инфраструктурэр

ДызыхуэкIуэ илъэсхэм дэ кьытпэщытщ **транспортым и инфраструктурэм** зегъэужьыныжьмкIэ, цIыхухэм ауащIэ транспорт Iуэхутхьбзэхэм я фIагъыр кьэIэтыныжьмкIэ куэд щIэщ. Къэрал Iэнатlэхэм, бизнесым, езы цIыхухэм я зэфIэкIыр хуэунэтIын хуейщ а Iэнатlэм зегъэужьыным. Псом япэу Iэнатlэм лэжьыгъэхэр зэрыщагъэкIуэкIыр нэхъ зэIухауэ зэтрагъэувэн, «Iуэхутхьбзэр кьэзыгъэсэбэпыр - унафэщI компаниер - коммунальнэ Iуэхущlапlэр - энергоресурсхэр кьэзыIутIыпщIыр» зэпыщIэныгъэм хиубыдэу ахъшэр зэрызэрагъакIуэм нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъын хуейщ. Правительствэм кьыпэщытщ электроэнергиям щыщу сетым щыкIуэдыр гъэмэщIэным, электрокъарур щызекIуэ сетхэр, трансформатор подстанцэхэр зэгъэпэщыжьным, энергоресурсхэр кьызэрагъэсэбэпым кьэлъыплъ, ар учёт зыщI автоматикэ системэхэр зэтегъэувэным трагъэкIуэдэн папщIэ хуэхах ахъшэр электроэнергетикэм и субъектхэм я инвестицэ программэхэм кьызэнэным гъуэгу гъажьыгъэ пишащэу. Апхуэдэу и кIэм нагъэсыспхъэщ зыми емыгъэбыдыIла ухуэныгъэхэр убзыхуныжьрэ ахэр зи мылъкуу щытынухэм егъэбыдыIэныжьрэ.

Къалэн нэхъыщхьэ дыдэу иджыри кьоно блэкIа илъэсхэм энергоресурсхэм я уасэхэмкIэ зэтрихьа щIыхуэхэр пшынжьныжьмрэ иджыпсту кьагъэсэбэп энергием и уасэр нэгъэсауэ тыныжьмрэ. Псоми яжеIэну сыхуейщ: а къалэныр гъэзэщIа зэрыхъум тещIыхьауэ кьэтлъытэнущ Iуэху пыухыкIахэр зэфIэгъэкIынымкIэ Правительствэм, муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIыр зыхуэдэр.

БлэкIа илъэсым унэ 23-рэ капитальнэу зэрагъэпэщыжащ. А мурадым трагъэкIуэдэн папщIэ Iуэхущlапlэ зи мылькуу щытыкIэ я ахъшэр нэхъ тэмэму кьызэщIагъэуIуэн яхуэзфIэкIащ. Зи ныбжьыр илъэс 70-м щигъуэ цIыхухэм субсидиехэр зэрырат щыкIэр яубзыхуащ. А псоми кьадэкIуэу нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъын хуейщ псэупIэхэр капитальнэу зэрагъэпэщыжьын папщIэ зэхуэхьэс ахъшэр кьызэрагъэсэбэпым, ар хъума зэрыхъуным.

Дызэрыт илъэсым лэжьыгъэшхуэ екIуэкIынущ фэтэр куэд, хъу унэхэм я пщIантIэхэр зэIуэзэпщ щыным хуэгъэзауэ. Абы папщIэ «Урысей зэкъуэт» партым и жэрдэмкIэ федеральнэ бюджетым мылъкушхуэ кьиутIыпщынущ, абы щыщу ди республикэм сом мелуани 174-рэ кьыпIысынущ. Партым иджыблагъэ иригъэкIуэкIа съездым кьыщыщIыпсалъэм абы и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий Анатолий и кьуэм зэрыжиIамкIэ, пщIантIэхэр зэIуэзэпщ щыным кьэралым япэ иригъэщ Iуэхухэм хиубыдэу икIи «Къалэм и щытыкIэр» партпроектым кьитIасэу екIуэкIын хуейщ.

Правительствэм, щIыналъэ администрацэхэм я кьалэнщ кьытхуаутIыпщ ахъшэр Iэмал зэриIэкIэ нэхъ зэгъэзэхуауэ кьэгъэсэбэпыныр кьызэрагъэпэщыну. А гъэжьагъэм ещ цIыхухэр кьыхэшэн хуейщ. Быдэу си фIэщ мэхъу езыхэм я пщIантIэхэм щылэжьыпхъэхэм ахэр хэт нэхъри нэхъыфIу зэрыщыгъуазэр.

(КIэуэныр 3-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр шынагъуэнэщу икIи ефIакIуэу псэунымкIэ Iэмалхэр къахуэзэгъэпэщыныр псоми ди мурад нэхъыщхьэр икIи фIэкIыпIэ имыIэу япэ идгъэщынур

(КIэуэхыр. ПэщIэдзэр 1, 2-нэ нап.).

Дыкъэзыуухьурейх дунейр

2017 гъэр Дыкъэзыуухьурейх дунейм и илъэсу щагъэуващ Урысейм. Ди щIыуэпсым тегъэщIа, абы егуаэнкIэ хъуну Iуэхугъуэхэр гъэмэщIынкъым хуэунэтIа лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьапхъэщ, дэтхэнэ зы къалэри къуажэри гъэкъэбзэным ди фIэщу яужь дихьапхъэщ, цIыхухэр щыпсэу жылэхэр, абыхэм кьедза щIыпIэхэр, псы Iуфэхэмрэ гуэлэхэмрэ зэIузэпэщ щIыным, санитарнэ мардэхэм кьитIасэу зэгъэпэщыным хуэгъэза Iуэхугъуэхэм дяпэкIи къыпыщэн хуейщ.

Дызэрыт илъэсым и кум нэхъри нэхъ мыгувэу Правительствэм зэхилъхьэн хуейщ пыдзахуэхэм елэжьыным теухуэ щIыналъэ программэр. Абы къызэщIиубыдапхъэщ а Iуэхум трагъэкIуэдэнур кьыздикIынгу убэхыурэ, абы федеральнэ, республикэ бюджетхэм ящыщ мылъкуэхэр хэту, инвесторхэр а Iуэхум кьыхэшэнри кьыщыдыхьэн хуейщ.

ЩIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыным, гъэкъэбзэным, жыг цIыкIуэхэр, удзхэр зэсэным а щIыналъэхэм щIипсэуэхэр жьыдзэрэ кьыхэшэнэхуейщ. ЩIыпIэпсыр хъумэным хуэгъэза хабзэхэр зэхэлъхьэнныр егъэфIэкIуэным, къимыдзкIэ, мащIэ дыдэрэ фIэкIа уэримыхьапIэкъэкIыгъэхэмрэ псоущхьэхэмрэ яхуэсакъыным пыщIа Iуэхуэхэм цIыкубзэ кьыхэшэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Хэхаэу яужь ихьапхъэщ **щэкIуэным** теухуа хабзэмк унафэ тэмэм тещIыхьыным. Иужьрей илъэсхэм а Iэнатlэм щыщIэ щытыкIэм псалъэмакъ мыщхьапэ куэд кьытехьеикIащ.

ЩIым и хъугъуэфIыгъуэхэр зэгъэзэхуауэ кьэзыгъэсбэныным, щIыуэпсым и зэхэлъыкIэр хъумэным, гулъытэ хэха хуащIу яхъумэ щIыуэпс щIыналъэхэм хабзэм щытетыным, туризм Iэнатlэр тэмэму лэжьэным пыщIа кьалэнхэр зэфIэгъэкIыныр зи чэзу Iуэхуэхэм ящыщу кьонэж иджыри.

Турист-рекреацэ Iэнатlэр

Иужьрей илъэсхэм нэрылъагу хъуащ республикэм **нэгузегъэужьакIуэкъакIуэхэм** я бжыгъэмэхэпщIыкIыу зэрыхэхьуэр. 2016 гъэм ди деж зыщIыбгъэпсэухуахэм я бжыгъэр мин 420-м щIигъуащ, ар 2015 гъэм и апхуэдэ пIалъэм ебгъапщэмэ, процент 40-кIэ нэхъыбэщ. 2017 гъэм а бжыгъэр цIыху мин 450-м щIигъэну догугъэ.

Дэ ди кьалэнщ зихуэдэ щымыIэ туристрекреацэ ухуэныгъэхэр нэсу кьэгъэсбэпэ хъун папщIэ тхуэзэфIэкI псори длажьыну. Ахэр щызэбгъэхъулIэфынур Iэнатlэм щыщыIэ материально-техникэ лъабжьэр едгъэфIакIуэмэщ, инвестицэ проектышхуэхэр, иджырей мардэхэм кьыгIасэ зыгъэпсэхупIэхэр уэуэнри абы хьыкъу, дгъэзащIэмащ. Ди деж кьакIуэхэм яхуэтщIэ Iуэхутхэбзэхэм я фIагъым икьукIэ дахуэсакьыпхъэщ, абыхэм дакIэлъыплIыпхъэщ. А Iуэхум кьыхэшэн хуейщ жылагъуэ зэгухьанысъэхэри, къэпщытакIуэхэри, абы зи нэIэ тетыну зи кьалэн органэри, апхуэдэу зэдгъэхьулIатхэщ, туристхэр къыдэхьэхыным хуэлажьэ Iэнатlэм ди республикэми и Iуэху щыдигъэкIыным, иджырей унэтIыныгъэщIэхэм, псалъэм папщIэ, **этно**туризм, **экот**уризм, **агро**туризм жьыуIэхэм, нэгъуэщIхэми зегъэужьыныр.

И чэзу хъуащ а Iэнатlэм, абы республикэм и зыгъэпсэхупIэ-курорт комплексри хьыхьу, и лэжьэкIэр мардэщIэхэм тегъэувэныр зэгъэхъулIэныр. Абы теухуа кьалэн пыухыкIахэр Правительствэм хуэтщIащ икIи мыгувэу абы унафэ игъуэтын хуейщ.

Хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыныр

Экономикэр гъабдыдэныкIэ, абы и кьэкIуэнум дежкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэщ **хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыныр.**

Илъэс блэкIам а Iэнатlэм бюджет зэмылIэужьыгъуэхэм кьыхэкIыу хуаутIыпщащ сом мелуан 60-м нэблагъэ. ЗэфlагъэкIа лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ, щыналъэ валовэ продуктым хьэрычэт мыиным хуищI хэлъхьэныгъэ ильэсым процент 30-м щIигъащ. Абы къыгIэльагъэуващ, дэ унэтIыныгъэ тэмэмым дытетщ.

Дэ апхуэдэу адэкIи дылъэжьнущ, жэрдэм зыхэлъ лъхуэ жанхэм Iуэхущапlэхэр къызэIуахынымкIэ, лэжьапlэ Iэнатlэщхэр къызэрагъэпэщынымкIэ защIодгъэкъуэнущ.

Абы хэзыгъэтIа унафэ щхьэхуэхэр къэтщтащ, Псом япэрауэ, ахэр налог зэрыгралъхьэ хабзэхэм ятеуухащ, апхуэдэу, хьэрычэт Iуэхум кьыхьыхьагъащIэхэм налогхэр ятын щыхуей пIалъэхэр яхуэгъэIэпхъэныщ, социальнэ Iэнатlэм щылажьэхэми абы и лъэныкъуэкIэ яхудэчыхьныщ.

Апхуэдэу щытми, хьэрычэт Iэнатlэм уэыпIэ пажэхэр иубыдын, и Iэдакъэщ IэкIэхэр, и лажьэкIэр езым хуэдэ зэхуэм еймефIэкI хуэн папщIэ иджыри куэд дыдэ зэфIэгъэкIын хуейщ. Мыхэри абыхэм ящыщщ: Iуэхущапlэ мыинхэр кьэрал, муниципальнэ сатум хьыхьэфынымкIэ Iэмал нэхьыбэ кьахуэзэгъэпэщынымкIэ, кьалэн куэд щагъэзащIэ центрхэм «зы щхьэгъубжэ» жьыуIэ Iэмалыщ Iэнатlэр хьэжьыгъуэ Урысейм. Ди щIыуэпсым тегъэщIа, абы егуаэнкIэ хъуну Iуэхугъуэхэр гъэмэщIынкъым хуэунэтIа лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьапхъэщ, дэтхэнэ зы кьалэри къуажэри гъэкъэбзэным ди фIэщу яужь дихьапхъэщ, цIыхухэр щыпсэу жылэхэр, абыхэм кьедза щIыпIэхэр, псы Iуфэхэмрэ гуэлэхэмрэ зэIузэпэщ щIыным, санитарнэ мардэхэм кьитIасэу зэгъэпэщыным хуэгъэза Iуэхугъуэхэм дяпэкIи къыпыщэн хуейщ.

Дызэрыт илъэсым и кум нэхъри нэхъ мыгувэу Правительствэм зэхилъхьэн хуейщ пыдзахуэхэм елэжьыным теухуа щIыналъэ программэр. Абы къызэщIиубыдапхъэщ а Iуэхум трагъэкIуэдэнур къыздикIынур убэхыурэ, абы федеральнэ, республикэ бюджетхэм ящыщ мылъкуэхэр хэту, инвесторхэр а Iуэхум кьыхэшэнри кьыщыдыхьэн хуейщ.

ДляпэкIи жыджэру ядэлажьэн хуейщ ди хэкуми нэгъуэщI кьэралхэми щыщ инвесторхэм. Дэ ахэр кьыдэтхьэныр хуейщ я лэжьыгъэр щыдэкIын Iэнатlэхэр кьаззэрыхьэзэдгъэпэщымкIэ, административнэ лъэпощхьэпохэр кьызэнэкIынымкIэ зэфIэдгъэкI IуэхуэхэмкIэ.

ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ етыпхъэщ ди кьэралым и мызакъуэу, нэгъуэщI хэкуэми ехъулIэныгъэхэр щызыIэрыщIэгъэхьэф компание нэхъыбэ диIэными. Абы къыхэкIыу дэ адэкIи яужь дитынущ хьэрхуэр зэдалэжьэкIэр егъэфIэкIуэным, инвестицэ Iуэхухэм я щIыпIэ зыхуэдэр къэзыгъэльагъуэ Iъэпкъ рейтингым ди республикэм щIыбгъ увыпIэр гъэбдыдэным.

А кьалэнхэр гъэзэщIэным щIэгъэкъуэн къыщыщIыпхъэщ ди хэкуми нэгъуэщI кьэралхэми абы и лъэныкъуэкIэ зрагъэсагъуэта ехъулIэныгъэхэр, Урысей Федерацэм и щIыналъэхэу абыкIэ зэфIэкI нэхъыбэхэр кьэзыгъэлагъуэхэм бдыдэу япыщIауэ ядэлажьапхъэщ.

Туристрекреацэ Iэнатlэр

Иужьрей илъэсхэм нэрылъагу хъуащ республикэм **нэгузегъэужьакIуэкъакIуэхэм** я бжыгъэмэхэпщIыкIыу зэрыхэхьуэр. 2016 гъэм ди деж зыщIыбгъэпсэухуахэм я бжыгъэр мин 420-м щIигъуащ, ар 2015 гъэм и апхуэдэ пIалъэм ебгъапщэмэ, процент 40-кIэ нэхъыбэщ. 2017 гъэм а бжыгъэр цIыху мин 450-м щIигъэну догугъэ.

Дэ ди кьалэнщ зихуэдэ щымыIэ туристрекреацэ ухуэныгъэхэр нэсу кьэгъэсбэпэ хъун папщIэ тхуэзэфIэкI псори длажьыну. Ахэр щызэбгъэхъулIэфынур Iэнатlэм щыщыIэ материально-техникэ лъабжьэр едгъэфIакIуэмэщ, инвесторхэр проектышхуэхэр, иджырей мардэхэм кьыгIасэ зыгъэпсэхупIэхэр уэуэнри абы хьыкъу, дгъэзащIэмащ. Ди деж кьакIуэхэм яхуэтщIэ Iуэхутхэбзэхэм я фIагъым икьукIэ дахуэсакьыпхъэщ, абыхэм дакIэлъыплIыпхъэщ. А Iуэхум кьыхэшэн хуейщ жылагъуэ зэгухьанысъэхэри, къэпщытакIуэхэри, абы зи нэIэ тетыну зи кьалэн органэри, апхуэдэу зэдгъэхьулIатхэщ, туристхэр къыдэхьэхыным хуэлажьэ Iэнатlэм ди республикэми и Iуэху щыдигъэкIыным, иджырей унэтIыныгъэщIэхэм, псалъэм папщIэ, **этно**туризм, **экот**уризм, **агро**туризм жьыуIэхэм, нэгъуэщIхэми зегъэужьыныр.

И чэзу хъуащ а Iэнатlэм, абы республикэм и зыгъэпсэхупIэ-курорт комплексри хьыхьу, и лэжьэкIэр мардэщIэхэм тегъэувэныр зэгъэхъулIэныр. Абы теухуа кьалэн пыухыкIахэр Правительствэм хуэтщIащ икIи мыгувэу абы унафэ игъуэтын хуейщ.

Хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыныр

Экономикэр гъабдыдэныкIэ, абы и кьэкIуэнум дежкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэщ **хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ зегъэужьыныр.**

Илъэс блэкIам а Iэнатlэм бюджет зэмылIэужьыгъуэхэм кьыхэкIыу хуаутIыпщащ сом мелуан 60-м нэблагъэ. ЗэфlагъэкIа лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ, щыналъэ валовэ продуктым хьэрычэт мыиным хуищI хэлъхьэныгъэ ильэсым процент 30-м щIигъащ. Абы къыгIэльагъэуващ, дэ унэтIыныгъэ тэмэмым дытетщ.

Дэ апхуэдэу адэкIи дылъэжьнущ, жэрдэм зыхэлъ лъхуэ жанхэм Iуэхущапlэхэр къызэIуахынымкIэ, лэжьапlэ Iэнатlэщхэр къызэрагъэпэщынымкIэ защIодгъэкъуэнущ.

Абы хэзыгъэтIа унафэ щхьэхуэхэр къэтщтащ, Псом япэрауэ, ахэр налог зэрыгралъхьэ хабзэхэм ятеуухащ, апхуэдэу, хьэрычэт Iуэхум кьыхьыхьагъащIэхэм налогхэр ятын щыхуей пIалъэхэр яхуэгъэIэпхъэныщ, социальнэ Iэнатlэм щылажьэхэми абы и лъэныкъуэкIэ яхудэчыхьныщ.

Апхуэдэу щытми, хьэрычэт Iэнатlэм уэыпIэ пажэхэр иубыдын, и Iэдакъэщ IэкIэхэр, и лажьэкIэр езым хуэдэ зэхуэм еймефIэкI хуэн папщIэ иджыри куэд дыдэ зэфIэгъэкIын хуейщ. Мыхэри абыхэм ящыщщ: Iуэхущапlэ мыинхэр кьэрал, муниципальнэ сатум хьыхьэфынымкIэ Iэмал нэхьыбэ кьахуэзэгъэпэщынымкIэ, кьалэн куэд щагъэзащIэ центрхэм «зы щхьэгъубжэ» жьыуIэ Iэмалыщ Iэнатlэр хьэжьыгъуэ Урысейм. Ди щIыуэпсым тегъэщIа, абы егуаэнкIэ хъуну Iуэхугъуэхэр гъэмэщIынкъым хуэунэтIа лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьапхъэщ, дэтхэнэ зы кьалэри къуажэри гъэкъэбзэным ди фIэщу яужь дихьапхъэщ, цIыхухэр щыпсэу жылэхэр, абыхэм кьедза щIыпIэхэр, псы Iуфэхэмрэ гуэлэхэмрэ зэIузэпэщ щIыным, санитарнэ мардэхэм кьитIасэу зэгъэпэщыным хуэгъэза Iуэхугъуэхэм дяпэкIи къыпыщэн хуейщ.

Дызэрыт илъэсым и кум нэхъри нэхъ мыгувэу Правительствэм зэхилъхьэн хуейщ пыдзахуэхэм елэжьыным теухуа щIыналъэ программэр. Абы къызэщIиубыдапхъэщ а Iуэхум трагъэкIуэдэнур къыздикIынур убэхыурэ, абы федеральнэ, республикэ бюджетхэм ящыщ мылъкуэхэр хэту, инвесторхэр а Iуэхум кьыхэшэнри кьыщыдыхьэн хуейщ.

Дляпэки жыджэру ядэлажьэн хуейщ ди хэкуми нэгъуэщI кьэралхэми щыщ инвесторхэм. Дэ ахэр кьыдэтхьэныр хуейщ я лэжьыгъэр щыдэкIын Iэнатlэхэр кьаззэрыхьэзэдгъэпэщымкIэ, административнэ лъэпощхьэпохэр кьызэнэкIынымкIэ зэфIэдгъэкI IуэхуэхэмкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзам теухуауэ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» фракцэм и Іэтащхьэ

Афэщ1агъуэ Михаил:

- КІуэкІуэ Юрий КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзам зэфІагъэкІа Іуэхугъуэ куэдым къыщытеувыІащ. Ялэ дыдэу къигъэльэгъуащ блэкІа иІэсэр къэралымкІи дж республикэм дежкІи тыншу зэрыщыІытар. Ауэ, лъэпощхьэпхэм ємыльэтауэ, социально-экономикэ щытыкІэ зэпІэзэрытыр зэтетІыгъэну тхуэзэфІэкІащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ тщІар зэрымамащІэр, лэжьыгъэ купщІафІэ зэрекІуэкІар. Псом ялэу республикэ бюджетыр зэхуэдгъэхъуащ, мыльку зэпІэзэрытыныгъэ дыдзэриІэм экономикэм зригъэужьащ, республикэм цІыхухэм ядэлэныкъуэм теухуауэ тщІрылъ зыщищІа псори зэфІэхэа хъуащ.

2017 гъэм къытпэщылъ къалэнхэр нэхъ мащІэкъым. Республикэм и Іэтащхьэм нэхъыбэу къыхигъащар УФ-м и Президент Путин Владимир и Зэрызыхуагъаззм къыщигугъэуахэрщ - экономикэ зыужьыныгъэ зэпІэзэрытым хуэкІуэнырщ. Экономикэр иджырей технологие Іэмалыщ1эхэм хуэшэнырщ, мыльку къызыхальхьэн проектыщ1эхэр убзыхунырщ, мэкъумэш Іэнатіэм, экъэрычэтыщ1э цІыкІумрэ курытымрэ заужьын щхьэкІэ зэкІыпІэхэр къахэуэгъуэтынырщ.

КъБР-м и Іэтащхьэр щхьэхуэу къытеувыІащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и проектэмми. Псалъэм папщІэ, «Ди пщІантІэ», «Къалэ цІыкІухэм я парксэр», «ЩІыпІэм Щэнхабзэмкіэ и унэр», «Къалэ цІыкІухэм щыІэ театрхэр» жыхуиІэхэм. А проектэр гъэзэщІа хъунымкІэ щІынальхъэ администрацэхэм лэжьыгъэшхэ я пщІэ къызэрыкІуэр: псом ялэр къыхуаутІыпщ ахъшэр зэгъэзэхуауэ къаГъэсэбэпынырщ, абы набдзэгубдзаплъэу кІэльыплъын папщІэ, парт лэжьакІэхэм республикэм и цІыхухэри гъуэз ящІу, Іуэхум зэдгегъуэн зэрызуейр къыхигъэщащ.

Мыхьэнэ иІэщ КъБР-м и Іэтащхьэм Парламентым и депутатхэр, Правительствэм хэтхэр, политикэ партхэм, жылагъуэ зэгухьанысІэхэм я лІыкІуэхэр къызэрыуриджам республикэр егъэфІэкІуэным зэгъусэу хуэлэжьэну.

КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэм и институтхэм зегъэужьыныкІэ, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщ1, КПРФ фракцэм и Іэтащхьэ

Пащты Борис:

- КъБР-м и Іэтащхьэм Зэрызыкъыт-хуигъаззм убгъуауэ къыщыдгеувыІащ ди къэралым и социально-экономикэ щытыкІэм. Абы и лъныкъуэкІэ республикэм щеКІуэкІ Іэжьыгъэ фІыуэ зэпхърихащ. ИкІи щытыкІэм къыздэкІуэм, абы къикІыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкІуэнырщ».

Шэч хэмылъу, дэ дызыпэплъар апхуэдэ псалъэ купщІафІэщ. ИкІи дэ иджыри зэ щхьэхт дытекъуащ, экономикэ щытыкІэр зэрыгугъусыгъэм емыльытауэ, республикэм и унафэщІым Іэрщ къулыкъущІапІэхэмрэ жылагъуэ зэгухьныгъэхэмрэ къыкъуэту Іэжьыгъэшхэу зэрызэфІагъэкІым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыІэкІэ-псэукІэр нэхъыфІ щІыным хуэунэтІауэ.

КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкіэ, ЖКХ-мкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ Іэнатіэмкіэ и комитетым и унафэщ1, ЛДПР-м и къудамэу КъБР-м и Парламентым хэтым и унафэщ1

Гриневич Валерий:

- Ухуэныгъэ Іэнатіэм и гугъу щищІым, КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъащІащ нэхъыщхьэ дыдэу ялэ Абы къигъэлъэгъуа хэкІыпІэр сфІэзэхуэщ сэ - ялэщІыкІэ инвентаризацэ егъэкІуэкІауэ, диІэ псор къызэрыдгъэсэбэпыпхъэ хэкІыпІэхэр къэгъэльэгъуэн хуейуэ аращ. Дэри диІэщ абы ехьэлІа гупсысэхэр.

Иджыри зы Іуэхум гу лъыввзгъэтэнут - ар Октябрь Революцэ Иныр илъэсищ зэрыкьурщ. Ар махуэшхуэщ, икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди къэралым щыпсэу лъэпкъ псори зэкъуэдгъуэвэн тхъыжьэн хуейщ, совет зэманым и фІагъ псори тхъумэу, къащтэмэ, Хэкур фІыуэ лъагъуным щІэблэр щІэтпІыкІныныр ди гъуазэу щытыпхъэщ.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, щІалэгъуалэ политикэмкіэ и комитетым и унафэщ1

Азычэ Светланэ:

- Сэ егъэлеяуэ гунэс сщыхъуащ КъБР-м и Іэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзар гуры1уэгъуэу икІи пыухыкІащ зэрыщытар. Унафэщ1ым щхьэтечу къигъэльэгъащ Іуэху къиину зэфІэхыгъуей хъуахэри илъэс кІуам республикэм иІа ехьулІэныгъэхэри. Абы къыхигъэщар ныкъусаныгъэхэм я закъуэкъым, атІэ хэкІыпІэу илъагъуэхэри игъэбелджылащ.

ГупЫтІэ нэхъыбэ зыхуищІам ящыщщ социальнэ Іэнатіэхэр: зэушыгаГэр хъунэмырэ егъэджэныгъэмрэ. Псалъэм папщІэ, анэмрэ сабиймрэ хъумэнкІэ, сабий нэхъыбэ кІэлъхуным зэрытрагъэгушхуэ Іуэхугъуэхэр. УэныщыгуфыкІынщ сабийуэ лІэжьым я бжыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхъуар, лъхуГэм илыкІа бзылъхугъэ республикэм зэрыдимыІэр.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, щІалэгъуалэ политикэмкіэ и комитетым и унафэщ1у сыщыткІэрэ, сэ си гуапэ хуащ егъэджэныгъэ Іэнатіэмрэ къыдэкІуэтей щІэблэр гъэсэнымрэ республикэ унафэщІым и къэпсэльэныгъэм щхьэхуэу къызэрыхигъэбелджылыкІар. Псом хуэмыдэу гупЫтІэ хуэщІыпхъэщ курыт еджапІэм щрат щІэныгъэм и фІагъэм хэгъэхъуэнымрэ егъэджэныгъэм къыдэкІуэу гъэсэныгъэ Іуэхур къэІэтыжьынымрэ. Абы къыдэкІуэу пыщІэн хуейщ ныбжьыщІэ зэчиифІэхэм защІэгъэкъуэнымрэ, дунейпсо зэхьыхьэхэм ди сабийкэр хэтынкІэ къызэгъэпэщыным ехъуэх зэфІагъэкІ пэжыгъэхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъащІащ егъэджэныгъэ Іуэхущ1апІэхэм сабий нэхъыбэ къащтэфыным пыщІауэ республикэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщызэфІагъэкІар. Школакіуэ псори зы сменэу еджэн папщІэ, 2025 гъэ пщІондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщыну я мурадщ сабий мини 10-м нэблагъэ зыщІэхуэн еджапІэ иджыри ящІыну, абы щыщу мини 3,2-р ядэщІынур къуажэхэрщ. ЩІыналъэм щыІэ къэралкъуэкІапІэхэм хэкІыпІэу щыІэ псори къаГъэсэбэпын хуейщ, ди республикэр а Іуэхум теухуауэ щыІэ федеральнэ программэм хьыхьэн папщІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и псалъэхэмкІэ жыпІэмэ, «ди мурадхэри гурылъхэри нэхъыщхьэ дыдэу зыхуэунэтІауэ щыІэтпхъэр къыдэкІуэтей щІэблэм яхуэсакъыныр, абы къикІыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкІуэнырщ».

Шэч хэмылъу, дэ дызыпэплъар апхуэдэ псалъэ купщІафІэщ. ИкІи дэ иджыри зэ щхьэхт дытекъуащ, экономикэ щытыкІэр зэрыгугъусыгъэм емыльытауэ, республикэм и унафэщІым хуэдэ къулыкъущІапІэхэмрэ жылагъуэ зэгухьныгъэхэмрэ къыкъуэту Іэжьыгъэшхэу зэрызэфІагъэкІым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыІэкІэ-псэукІэр нэхъыфІ щІыным хуэунэтІауэ.

КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш политикэмкіэ, экологиемкіэ, щІыуэпсымрэ къэгъэсэбэпынымкіэ и комитетым и унафэщ1ым и къуэдзэ, «Удзыфэхэр» партым и къудамэу КъБР-м и Парламентым хэтым и унафэщ1

Щхьэгъэпсэу Сэфарбий:

- КъБР-м и Іэтащхьэм Парламентым Зэрызыхуигъэзам социально-экономикэ Іуэхугъуэхэм къадэкІуэу, гупЫтІэ щхьэхуэ щыхуищІащ щІыуэпсым теухуа упщІэхэмэ. КІуэкІуэ Юрий къыхигъащІащ дыдэ зыытехьа гъэр Дыкъэзыуэхьуреих дунейм и илъэсу зэрагъэувар икІи абы зыхуэгъэхьэзырыным теухуа Іуэхухэр мы зэманым ирихьэлІэу зэрызэфІагъэкІар.

Мы лэжьыгъэм куэд къызэщІеубыдэ: къалэхэмрэ къуажэхэмрэ къедза щыпІэхэр, пщІантІэхэр зыхуей хэгъэзэным щегъэжьауэ щІыуэ дунейр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ зэхэгъэкІыным деж щиухыжу. КъищІынэмыщІауэ, къыхалъхьащ щІыхумрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ я зэранкІэ щІым и теплъэм, и фІагъым зэрызахъуэжыр кІыхьэтегъуэвыІэныжкІэ зэфІэхэпхъэ Іуэхугъуэхэр убзыхуныр. Арыншами, нэрылъагъущ щІыуэпсым и щытыкІэр зэрекІакІуэр. Абы ипкъ иткІэ республикэм и Іэтащхьэм къыхилъхьащ зэкІыпІэ пыухыкІаХэр: щІыхэр, щІыуэпсым и беягъыр гъэбелджылауэ ар зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпын.

КІуэкІуэ Юрий и псалъэм къыхэщащ ди щІынальэр зи псэупІэ псэущхьэхэмрэ хэхауэ яхъумэ щІыуэпс щІыпІэхэмрэ я щытыкІэр иджыри зэ нэхъ набдзэгубдзапльэу къэпщытэн зэрыхуейр. КъищІынэмыщІауэ, абы къыхигъэбелджылыкІащ щэкІуэным пыщІа Іуэхухэм я къызэгъэпэщыкІэр тэмэм щІын зэрыхуейри.

Гу зылъытапхъэ Іуэхугъуэхэм ящыщщ кІэрыхубжьэрыхуэхэр гъэкІуэдыным теухуа щІыналъэ программэ пыухыкІа зэхэгъэувэныр КъБР-м и Правительствэм пщэрылъ зэрыщащІар, ар зэбгъэтІылъэкІ зэрымыхъунур. Зи гугъу тщІы псори, щэч хэмылъу, хэущхьэпэнущ республикэм и щІыуэпс хьугъуэфІыгъуэр хьумэнымрэ зэгъэзэхуэнымрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм яфІ хэлъу ар къэгъэсэбэныным.

Гугъуэт Заремэ

Бемырзэ Зураб

Жыг щхьэкІэм уафэ щоуназэ

Гугъуэт Заремэрэ Бемырзэ Зурабрэ я усэ зэпэджэж

1
Гугъуэт Заремэ

Тхьэмпэ зэмыфэгъуэ

Бжьыхьэкур тхьэмпэ зэмыфэгъуэщ.
Си гукъэкІыжхэм я жыг хадэм
Щ1алэгъуэ псысэ щызэхьэгъуэ,
Гухэль Іэпл1акІуэм сахигъадэу.
Бжьыхьэкъуэм гупсысэн и хьэщ,
Уэ къыхэпха жыг тхьэмпэр сщІатэм!..
Щ1алэгъуэм, бжьыхьэ, сыкъетэлъ,
Си лъэгум тхьэмпэр щигъэятэм.
Зыгуэрым жеІэ: «Уэифэгъуэщ»,
Уэшх щабэу ар къыскІэлъокІуэтэ.
- Сэ уэшх сщІыгъуакъым, къыхсуэгъагъу,
Сщ1ыгъунур дыгъат, уэр мыхъуатэм...
Мис, дыгъар тхьэмпэм къыдоджэту,
И хуабэ кІапэр ипхъуэтэжу.
Сригъэпльэну зэ и нагу
Мы бжьыхьэ хадэм сыкъыщІэжу?
Щ1ыгъэхьэхьэр ди уэрэд,
БжьыхьэзэпІэдзу зэхэтльхьауэ.
Жыг хадэм и пэр сымыгуэт,
Гупсысэр и кум щискъухьауэ...
Щ1алэгъуэм жиІэр сыту куэд,
Бжьыхьэкум льапІэу єрищауэ?!
Си гукъэкІыжьым данщэ хэт,
Гухэльым тхьэмпэу Іэпыхуауэ?!

2015 гъэ, жэпуэгъуэм и 27,
КъБР, Щхьэлыкъуэ къуажэ.

2
Бемырзэ Зураб

Гугъуэт Заремэ и «Тхьэмпэ зэмыфэгъу» усэм пэджэжу

* * *

Щ1ымахуэр напэ зэмыфэгъущ.
И шыхэр бзэхумэ, уаер - Іэдэу.
Дыгъэнэ къабзэм и дауэгъущ,
Уафэгур и гупсысэ матэу.
Губгъуэщ1ым теубгъуа тепІэнщ
Зы лъэужь закъуэ пхырыкІауэ,
Лъэбакъуэ мыщІэуэр згъэнэн
Мы гъащІэм мащІэу къеуэсауэ.
Абы сэ дауэрэ жесІэн
Елым нэмыщІ дунеи щыІэу?!
И уэс гъэфІэным къедауэн
Хуабагъэм ищІыжьыну псыІэу?
Щ1ы гуартэу куэщІым щыхъуэкІуа
Пшагъуэбэм я лъэхэр щІахуну,
Гъатхэпэм, и уэс бын къэткІуам
Я гуауэм псыдзэу ихьыжьну...
Арами, мы дунейр - гъейрэтщ.
Сыбакъуэм, къыскІэлъытхъэр бжьыхьэу,
Пщ1ащэбэ пыхужам сыхэтщ,
Налшык уэлбанэм сырпысыхьэу,
Гъэмыл1э гугъуэрэ сшхыжам,
НэгъуэщІ насыпІи сыхуэхъуапсэу,
Гупсысэ мэш Іуэмыхыжар
Уэрам уэшхыдэхэм щыпсапсэу...

2015 гъэ, жэпуэгъуэм и 28,
КъШР, Хьэгъундыкъуэй къуажэ.

3
Гугъуэт Заремэ

Бемырзэ Зураб и «Щ1ымахуэр напэ зэмыфэгъу» усэм пэджэжу

* * *

Уи щ1ымахуэкІэм ильагъунщ
Гъатхэм и макъыр къызэрикІыр.
И хуабэ Іэсэм игъэткІуа
Уэс псыхъэлыгъуэр жыгым щІикІэу.
Пэжщ, гукъэкІыжу ежэхынщ
Уэс къабзэм кьытена лъэкъуапэр.
Щ1ымахуэм сыт къыхэпхыжьи?
- А уэс часейуэ хужь и напэ!
Игъаин. Щ1ыльэм къыщІэщынщ
Губгъуэ гъэфІану ажэгъуэмэр.
Мы гъатхэм псэщІ и щыгъынщ,
И теплъэр фІэфІщ игъальэгъуэну.
ГукъэкІыж хадэм жыг щотІэпІ,
Гухэльмкіэ бауэу кьыцэрокІыр.
Дыгъэ Іэ щабэм къану епІ
И куэщІым махуэу щызэблокІыр.
Гъэгъам жьы мащІэ йопэщрщ
И макъыр хадэм къринэну.
Зыгуэрым си щІэр кьеІуащ,
И гъащІэм гъатхэ къыхинэну.
ГъатхэкІэр гъэгъа зэмыфэгъущ,
Жыг щхьэкІэм уафэ щоуназ.
Гъэгъам и Іэпэр жьым ИныгъщІ,
Къигъэльэсын и гугъэу мазэм.

2015 гъэ, жэпуэгъуэм и 29,
Щхьэлыкъуэ къуажэ.

4
Бемырзэ Зураб

Гугъуэт Заремэ и «Уи щ1ымахуэкІэм ильагъунщ» усэм пэджэжу

* * *

Сэ, жысІэм, сІуатэурэ сешащ
Гъатхэ Іэрысэр зэрымыхъур.
Псыхьэлыгъуэдзэм гъуэгу хишар
Псы екъэх Іуфэ щ1ыхуэзымыхъур.
Гъащ1эр сиІэнукъым тІэуней,
Мелуанрэ гъатхэм къигъэзэжми,
КІэ кІащІ накъыгъэ Іэрысейр
Пхъужь хэпІэсауэ къэгъэгъэжми.
Абы и пльапІэр гъэмахуэпсщ,
Дыгъабэ уэгум Іэ къыдильэрщ,
Хьэпшыр епхауэ, махуэгъэпс -
Пщэхъу дахэу пІалъэкІэ зэрихьэрщ,
Гъэмахуэм и псэ кІэрыщІэнщ,
Цыджан сабийуэ кІэрыхужу,
Мазищ дуней къэзыгъэщІан
ГъэгъакІэ щІы1эр щыхужу...
Арами, хьэршри лъэльэжьынт,
Псэр делэгъуэфІу щымытамэ,
Уи лъагъуныгъэри лЭжьынт
Гугъабэлэм ихьыжа Іэрамэу,
Бжьыхьэпсыр щІасэ зыщІыжьи
Хуабагъэр псэгъу зыхъуэдмыщІамэ,
Зэгуэр, ажалри зыхъэжьи
Щхьэл щ1ыпІу, гур едмыгъэжьамэ...

2015 гъэ, жэпуэгъуэм и 30,
Хьэгъундыкъуэй къуажэ.



♦**Тэтэрстаным и гербым и махуэщ**

♦**Гренадэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - щхьэхуит зэрыхъуар (1974 гъэм) егъэлъапІэ**

♦**1795 гъэм** Хаджибей кхъухь тедзапІэм и цІэр Одессэу зэрахъэкІащ.

♦**1855 гъэм** Курилхэмрэ Сахалинрэ зэхуэгъуэшыным теухуа урыс-ялон зэгурыІуэныгъэм Іэ традзащ.

♦**1893 гъэм** США-м щыщ инженер Крей Алан мафІэсыр зэрагъэункІыфІ Іэмэпсымэ къызэригупсысам щыхьэт техъуэ дэфтэр иратащ.

♦**1965 гъэм** США-м щыщ боксёр щІэрыпэу Клей Кассиус мусЛыешм диныр кьицтащ, иджыпсту дуней псом къызэрыщаці1ыку Мухаммед Али цІэри къыфІащауэ щытащ.

♦**1981 гъэм** Ленинград деж къыщ1ехуэзащ Ту-104 кхъухьлъатэр. Абы исащ СССР-м и хы Хэуэм флотым и унафэщІ псори. Хэкіуэда цІыху 52-м щыщу 16-р адмиралрэ генералрэт, ялэ ранг и капитанхэр тІощІым нэблагъэт. Къэралым и деж1Э ар икъуІэ зэщІынгъэшхуэт - тенджызым къулыкъу щызыщІэ апхуэдиз дзэ унафэщІ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм зэкІуэдатэкъым.

♦**1998 гъэм** Наганэ къалэм (Японие) къыщІэзІуахащ XVIII ЩІымахуэ Олимп Джогуэр. Абы щыгъуэщ Олимп джэгуэхэм сноубордымкІэ зэпеуэхэри щыхагъэхьар. Олимпиадэр мазаем и 22 пщІондэ екІуэкІащ.

♦**1999 гъэм** Иорданием и пащтыхь хъуащ Абдаллэ ЕтІуанэр.

♦**2014 гъэм** Сочэ къалэм (Урысей Федерацэ) къыщІэзІуахащ XXII ЩІымахуэ Олимп Джогуэр. Ди къэралым нэхъапэм ЩІымахуэ Олимпиадэр зэи щекІуэкІатэкъым. Джогуэхэр мазаем и 23-м зэхуащІыжащ.

♦КъБР-м и щІыхуб артист **Ашуров Танахум** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Совет техникэ щІэныгъэхэм я доктор, академик, Социалист Лэжьыгъэм и Лы-хъужь **Антонов Олег** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **Бэлагъы Любовь** къыщалъуа махуэщ.

♦Урысей уэрэджыІакІуэ, авиаконструктор, щІэныгъэхэм я доктор, академик, Социалист Лэжьыгъэм и Лы-хъужь **Антонов Олег** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **Бэлагъы Любовь** къыщалъуа махуэщ.

♦Урысей уэрэджыІакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Цой Анитэ** къыщалъуа махуэщ

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щІыІэр градуси 3 - 1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЩІалэу фыз къегъашэ, пасэу джэд кърегъэш.

● Налшык

Бзаджэнаджэхэр къалъыхъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэмрэ Налшык и махуэмрэ ирихьэлІэу, 2016 гъэм фокІадэм и 1-м, ди къалэм къыщыз3ІуахаКъ Олимп щІыхьым и аллеер зэтракъутащ. Республикэм и спортсмен щІэрыІуэхэм, Олимп джэгуэхэм щытекІуахэм а аллеем псей жыгэр щыхасат, дэтхэнэ жыгым дежи спортсменхэм я щІэр тедзауэ сэх щагъэуват.

ЗыГУЭРХЭМ аллеем сэхьу итыр зэтракъутащ, абыхэм тедза унэцІэхэр тратхъащ, жыгэр ирауданщ, уэрам уэздыгъэхэри къыпаудащ. Налшык къалэ администрацэр а щІыпІэм кІэлъоплъ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщ, мыпхуэдэ бзаджэнаджагъэ ещанэу къэхъуу.

ЩІыпІэ администрацэм и унафэщІхэм къалэдсхэр къыхуараджэ зыгуэрым апхуэдэ щІэпхъаджагъэ ищІэу гу лъатэмэ, хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм хьыбар ирагъэщІену.

Иджырей щІэпхъаджагъэр зыщІахэр къалъыхъуэ, хабзэм тету жэуап ирагъэхьыну.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Гу зылъытапхъэ

Инджылызыбзэ зэвгъэщІэну фыхуей?

Илъэс 30-кІэ Америкэм щылажьа егъэджакІуэм инджылызыбзэкІэ хуиту фытхъэу, фыкъеджэу икІи фыпсалъэу фригъэзэнущ.

Ар ядолажьэ:

- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;

- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.

Курсым зезыгъэтххэр тхьэмахуэм щэ къекІуэлІэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуи 5-кІэ еджэнущ.

Ялэ дерсыр щІэнпІэу щытынущ.

Инджылызыбзэ зыджыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкІэ фыпсалъэ хъунущ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ялэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъу Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эныдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъуэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуу зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.:76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Аминэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тращэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.623 ● Заказ №140